



Lèt pou fason telefòn pral itilize nan fanmiy lekòl nan vil Columbus yo.

8/21/25

Final

Chè fanmiy lekòl nan vil Columbus yo,

Pandan ke nou komanse nouvo ane lekòl la, nou vle pataje kèk nouvo mizajou avèk nou konsenan itilizasyon telefòn ak lot aparèy elektwonik pèsonèl pandan jounen lekol yo.

Gouvènè Mike DeWine fenk siyen yon lwa ki mete restriksyon pou ankenn elèv pa itilize telefòn ak lot aparey elektwonik pèsonèl pandan jounen lekol yo nan pyès lekol piblik nan Ohio. Mizajou sa a swiv pasaj **Ohio House Bill 96** (lwa 96 nan chanm reprezantan Ohio a).

Rechèch montre ke lè timoun nan pa konekte nan telefòn li pandan jou lekòl la, yo pote plis atansyon, akademikman yo travay pibyen epi yo devlope pi bon koneksyon ak pwofesè ak elèv parèy yo. Bu nou se pa pou nou pini yo, men pou nou kreye yon anviwoman aprantisaj kote tout elèv vrèman angaje san distraksyon.

Ki sa sa vle di pou elèv segondè nou yo.

- Telefòn ak lot aparey elektwonik yo ni mont entelijan yo ak kas yo pa pemet pou ti moun itilize yo pandan moman klas ap travay.nouvo lwa sa ap komanse aplike nan komansman ane lekòl sa.
- Aparèy komunikasyon Elektronik yo dwe mete sou silans oubyen vibrasyon pandan tout jounen nan moman lekol yo. kel te nan klas oubyen sou lakou lekòl la amwens kel ta va ap itilize pou yon enstriksyon ke pwofese aadministrate otorize yo pou li.

Kisa sa vle di pou elèv elmantè nou yo:

Yo pat janm pèmèt Itilizasyon telefòn nan lekòl elemantè nou yo Nou konprann fanmi yo ka toujou vle tande timoun yo pandan jounen lekòl yo. Ebyen kounya biwo lekòl nou yo disponib pou paran yo pandan tout jounen lekòl lan, nan ka ou ta bezwen elev la.

Sèl nan sikonstans sa yo yon elèv ka itilize telefòn:

- Lè utilizasyon telefòn anrejistre nan dokiman Pwogram Edikasyon Endividuel elèv la (IEP) anba Chapit 3323 nan nouvo kòd revize Ohio (**Ohio Revised Code**) a oubyen nan plan ki devlope anba Seksyon 504 aksyon Reyabilitasyon 1973 (29 U.S.C. 794) (**Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973**). Silvouplè siw gen kesyon oubyen ou bezwen asistans konsènan IEP/504 eksepsyon konekte, pale ak kodinatè la spesyal pou edikasyon timoun nan.
- Pou siveye oubyen pou anonse yon pwoblèm sante ak dokiman medikal.
- Lè gen yon menas oubyen yon ka ijans.

Koman nou pral sipòte sa ansanm:

Nou rekonèt ke sa se yon nouvo woutin e nou la pou nou sipòte w ak elèv ou an pou tranzisyon sa a ka vin pi fasil ke posib. Lidè lekòl yo pral pataje tout ti detay espesifik yo tout biling nan. Ou ap wè bagay ki ka fèw sonje, tankou postè ak plizyè lòt resous ki ka ranfòse mesaj sa pou fèw sonje pandan tout ane a.

Nap apresye kolaborasyon ou, e nap ankouraje w pou diskite chanjman sa ak timoun ou an, esplike l koman sa ap sipòte aprantisaj li ak pwogrè academik yo.

Nan lekòl nan vil Columbus yo, nou pran angajman pou fè tout elèv nou yo santi yo gen valè e santi nap sipote yo. Nouvo apwòch sa, kote nap anpeche ti moun yo itilize telefòn yo, se yonn nan fason anplis ke nap travay ansanm, avèk ou, avèk pwofesè yo, pou n kreye sekirite, byenvini ak lekòl san distraksyon.

Nan patenarya,



Dr. Angela Chapman
Sipè entandan/CEO, Columbus City Schools